

Prepare pou Randevou Sipò timoun w lan

Anvan Randevou w La

Ranpli de etap ki annapre yo:

1 **Ranpli, siyen, epi retounen fòmilè Enskripsyon Sipò timoun nan nan 10 jou pou pita apre ou fin resevwa pakè sa a. Sa ap pran anviwon 30 minit. Gen de (2) fason pou retounen l atan.**

Opsyon 1: Sa ki pi fasil la | Telechaje Aplikasyon Mobil Sipò timoun nan aprè sa ranpli epi soumèt fòmilè a.



Telechaje Aplikasyon Sipò timoun NYC HRA a gratis sou App Store oswa Google Play. Si w bezwen enfòmasyon anplis konsènan fonksyonalite aplikasyon mobil la, vizite sit entènèt nou an nan nyc.gov/childsupportmobile.



Si w soumèt fòmilè enskripsyon w lan pa mwayen aplikasyon mobil la, ou ka telechaje kopi dokiman sipò yo pandan w ap itilize aplikasyon an.

Opsyon 2: Ranpli fòmilè enskripsyon ki vini ak sa a oswa telechaje yonn apati sit entènèt la epi soumèt li.

Pou w telechaje yon fòm, ale sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> epi chèche Fòmilè Enskripsyon Sipò timoun nan oswa itilize kòd QR la ki sou bò dwat.



Yonfwa ou konplete fòm enskripsyon an, soumèt li pa imèl, an pèsòn oswa pa lapòs.


1) Voyer fòm la nan imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us ak sijè "Fòm Enskripsyon Sipò timoun";

2) Pote fòm enskripsyon an nan biwo sèvis Sipò timoun ki nan awondisman kote w ap viv la. Ou ka jwenn adrès yo sou <http://bit.ly/CSoffices>; oswa

3) Voyer fòm la nan kourye lapòs bay:
OCSS, PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

Kenbe yon kopi fòmilè w la ki ranpli, siyen epi mache avè l nan entèvyou a.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.



Anvan Randevou w La (Kontinye)



Anvan ou ale nan randevou w la, tanpri li ni **“LDSS-4279 Avi sou Responsablite ak Dwa pou Sipò”** ni **“W-280a Enfòmasyon pou tout moun ki ka aplike pou sipò timoun konsènan fason pou yo jwenn sipò timoun san danje”**. Si ou gen nenpòt enkyetid sou sekirite aprè ou fin li dokiman sa yo, tanpri kontakte travayè FIA ou an, ki pral refere ou bay yon Lyezon Vyolans nan Kay HRA. Ansanm ou kapab deside si sipò timoun san danje pou ou ak fanmi ou.

2 Rasanble epi soumèt dokiman sipò yo ansanm ak fòmilè Referans Sipò timoun ou a
Se pa yon pwoblèm si ou pa gen tout dokiman yo. Voye sa ou genyen ki disponib ansanm ak aplikasyon w lan ki ranpli. Si w pa sèten oswa si w pa gen dokiman w bezwen yo, n ap fè w konnen pandan entèvyou a.

- Fòmilè Enskripsyon Sipò timoun nan ak siyati;
- Batistè pou chak timoun, si ou pat deja soumèt li bay HRA;
- Nenpòt dokiman ki montre kiyès papa a oswa prezime papa a ye, si genyen
- Sètifika maryaj, papyè divòs oswa papyè separasyon, si sa nesèsè;
- Foto resan paran an;
- Dokiman ki montre Nimewo Sekirite Sosyal lòt paran an (paran ki gen gad timoun nan); **ak**
- Nenpòt dokiman ki ka ede OCSS lokalize lòt paran an.

Mache ak nenpòt dokiman ki ka ede OCSS lokalize lòt paran an.

- Adrès lòt paran an, nimewo telefòn ak enfòmasyon travay.
- Dat nesans lòt paran an ak kote li fèt ak non paran l.

Tanpri asire w ou mete non ou, dat nesans ak Nimewo Dosye a sou tout dokiman ou soumèt yo.

Nan Jou Entèvyou a

- Si w gen yon entèvyou an pèsòn, tanpri tcheke nan gichè admisyon an lè w rive. Mache ak yon kopi ki ranpli fòmilè Referans Sipò timoun ke ou te soumèt. Epitou, mache ak yon kopi tout dokiman sipò yo ak nenpòt bagay anplis ke ou te jwenn aprè ou fin soumèt pakè w la.
- Si w gen yon randevou nan telefòn, tanpri mete w pare pou w reponn telefòn ou. Ou ka pa rekonèt nimewo telefòn n ap rele w sou li a.
- Si ou bezwen sèvis tradiksyon di moun k ap travay sou dosye w la sa.
- An mwayèn, yon randevou ka dire anviwon inèdtan, selon dosye ou genyen an.

Ou gen kesyon?

Si w gen kesyon anplis konsènan entèvyou sipò timoun ou an oswa ou vle pale ak yon moun konsènan dosye w la, tanpri vizite oswa kontakte Biwo Awondisman lokal ou a. Jwenn Biwo Awondisman lokal ou a sou

<https://on.nyc.gov/contactocss>.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou

<https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.

